

## Policy 5.5: ATTENDANCE

### PREZANS LEKOL

TOUT ELÈV KI GEN LAJ OBLIGATWA POU ALE LEKOL DWE ALE LEKOL TOULEJOU PANDAN 180 JOU OSWA AKIMILE EKIVALAN 180 JOU SOU BAZ INEDTAN KONFOMEMAN AK REGLEMAN STATE BOARD OF EDUCATION (KOMISYON ESKOLE LETA), PARAN TIMOUN KI NAN LAJ POU ALE LEKOL, RESPONSAB POU FÈ ANSOT PITIT YO PREZAN CHAK JOU LEKOL. PASKE MOVE PÈFOMANS NAN ETID ASOSYE AVÈK ABSANS, LEKOL YO VA AJI ATAN POU PREVNI ABITID ABSANS KI KAPAB ENDIKE BONÈ TANDANS ELÈV LA POU LI VIN YON ABSAN ABITYÈL (TRUANCY). LEKOL YO VA KOLABORE AK AJANS LOKAL EPI AJANS LETA KI ENPLIKE NAN KESYON PREVANSYON ABSANS EKSESIF SAN PÈMISYON (TRUANCY), ENTEVANSYON AK AKSYON LAJISTIS.

NA JWENN LOT ENFOMASYON ANRAPO AK PREZANS NAN PIBLIKASYON AKTYEL KOD KONDWIT POU ELEV, [CODE OF STUDENT CONDUCT](#), APWOUVE KOM SCHOOL BOARD [POLICY 5.8](#), AK PLAN PWOGRESYON, [PROGRESSION PLAN](#), APWOUVE KOM [POLICY 6000.1](#).

### I. DEFINISYON

- A. **Prezans lekòl:** Yo va konte prezans elèv nan yon jounen lekòl si yo prezan nan lekòl la epi pwofesè a oswa anplwaye responsab rejis prezans (attendance clerk) dwe anrejistre elèv la prezan. Elèv ki prezan diran aktivite edikasyonèl ki fè pati pwogram eskolè ki apwouve, ikonpri sòti eskolè, yo konte elèv sa yo prezan. Nan klas primè, pwofesè saldeklas va anrejistre prezans elèv toulejou. Nan klas segondè, toulejou chak klas va konte pou pwouve elèv la prezan.
- B. **Absanteyis kwonnik:** Se lè absans yon elèv totalize 10% jou lekòl oswa plis kèlkeswa rezon, ikonpri absans eskize ak absans ki pa eskize, ak sispansyon andeyò lekòl. Konnen pousantaj jou anwolman enpòtan, sa pèmèt lekòl yo idantifye bonè odebi ane eskolè a elèv ki bezwen entévansyon epitou founi entévansyon ki apwopriye. Nan fen 180-jou ane eskolè a, yon elèv ki absan tanzantan manke omwens 18 jou lekòl.
- C. **Prezans nan klas:** Yo dwe konte elèv-yo prezan si yo prezan fizikman nan klas nan lekòl segondè (6zyèm rive 12zyèm ane - grades 6-12). Men kòd pwofesè ka antre pou anrejistre prezans: "P" pou Prezan; "TU" pou Reta ki pa Eskize; "PN" pou Prezan, Pa nan Klas; "E1" premye jou anwolman nan lekòl la pou elèv la. Yon pwofesè ka antre kòd absans "AU" pou absans ki pa eskize. Pou sòti òganize, eskisyon (field trips), pwofesè yo pa gen opsyon antre kòd "FT"; anplwaye responsab rejis prezans va antre kòd "field trips".
- D. **Sistèm Alèt Bonè (Early Warning System):** Yon sistèm ki anplas pou idantifye elèv ki bezwen sipò adisyonèl nan amelyore pèfòmans akademik yo, patisipe nan lekòl epi rete motive. Sistèm alèt la nan Lekòl Broward enkli done elèv kindègadenn rive 12zyèm ane epitou enkli "Prezans anba 90 pousan, kit absans eskize oswa se konsekans sispansyon andeyò lekòl" (F.S. s. 1001.42(18)(b)(1)(a).. 1001.42(18)(b)(1)(a).
- E. **Sòti eskolè, eskisyon - Field Trip:** Se yon sòti eskolè oswa eskisyon ke Distri a apwouve nan yon kote ki pa nan yon lokal School Board oswa andedan saldeklas. Yon elèv ki soumèt yon otorizasyon paran li siyen pou li patisipe nan yon eskisyon va anrejistre sou lis prezans avèk kòd "FT." Se anplwaye ki responsab rejis prezans ki va antre kòd "FT" pou elèv k'ap patisipe nan yon eskisyon (field trip). Pwofesè klas va antre "AU" (absans ki pa eskize) pou idantifye elèv la kòm yon elèv ki pa prezan nan klas la. Anplwaye ki responsab rejis prezans (attendance clerk) va iyoure nan ka sa tout rapò pwofesè a fè.

- F. **Absan Abityèl san pèmisyon (Habitual Truancy):** Yon elèv ki gen laj pou ale lekòl e ki akimile 15 absans ki pa eskize nan 90 jou kalandriye. Nan definisyon sa, “jou kalandriye” fè referans a tout jou nan yon mwa, wikenn ak jou ferye ladann tou (F.S. s. 1003.01(8)).
- G. **Pran abityèl absan (Pattern of Nonattendance):** Yon ekip ki etidye timoun (child study team) va detèmine si yon elèv ap pran abityèl absan pou pèmèt lekòl la konmanse entèvansyon nan yon efò pwòaktif pou anpeche elèv la pran abityèl absan, absans ki ka vin eksèsif oswa repete ane apre ane. Absanteyis kwonnik se yon endikatè ekip k'ap etidye timoun konsidere lè lap detèmine abityèl absans. Abityèl absans ka devlope si yon elèv gen 5 absans ki pa eskize nan yon mwa kalandriye oswa 10 absans ki pa eskize nan peryòd tan 90-jou. Yon ekip k'ap etidye timoun ka dekouvri gen abityèl absans k'ap devlope, kit absans eskize oswa absans pa eskize (F.S. s. 1003.26(1)(b)).
- H. **Familè Verifikasyon ke Doktè Siyen:** Lè yon elèv absan, oswa yo atann aske li absan lekòl, si li absan plis pase 10% tan nan ane eskolè a, fòm sa ekzijib pou eskize absans; paran evite plis traka ranpli fòmaliite sa, konsa li pi fasil verifiye maladi pitit la. Nan fòm la nou mande doktè a verifiye yon maladi (san pou otan idantifye yon maladi espesifik), si timoun lan ap resevwa swen, epi kijan maladi timoun la afekte prezans li nan lekòl.
- I. **Elèv ki vin lekòl regilyèman:** Yon elèv ki patisipe plis pase 95% nan ane eskolè akademik. Yon elèv ki frekante lekòl regilyèman jou li absan ka konte ant 0 ak 4.9% jou lekòl. Nan fen 180-jou lekòl, yon elèv ki vin lekòl regilyèman ka manke sèlman ant 0 ak 8 jou lekòl.

## II. ESKOLARIZE TIMOUN OBLIGATWA

- A. Tout timoun ki gen sizan oswa ki va gen sizan rive premye Fevriye nan nenpòt ane eskolè oswa ki gen pliske sizan jouk rive gradyasyon, blije ale lekòl regilyèman pandan tout 180-jou yo (F.S. s. 1003.21)(1)(a)).
- B. Elèv ki rive laj 16 ane epi ki pa diplome blije kontinye ale lekòl pou resevwa enstriksyon, men si li gen entansyon pa rete lekòl li dwe ranpli yon deklarasyon fòmèl pou di li gen entansyon tèminen anwolman nan lekòl li avèk School Board. Nan deklarasyon an elèv la dwe rekonèt desizyon tèminen anwolman ak lekòl la sa kapab diminye chans li pou li fè plis lajan pi devan epi elèv ak paran elèv la dwe siyen deklarasyon an. Yon elèv ki rive laj 18 ane pandan ane eskolè a pap sibi okenn sanksyon legal si li eskolarize. (F.S. s. 1003.21(2)(c)).
- C. Yo pap kapab retire yon elèv ki poko gen 16 ane nan lekòl la pou nenpòt rezon sòf si Board la entèvni epi pran desizyon espilse elèv la oswa lwa Leta Florid (F.S. s. 1002.20(2)(b)) prevwa ka egzansyon.
- D. Kondisyon eskolarizasyon obligatwa kapab satisfè ak pwogram ansèyman adomisil pouvike elèv la swiv klas li yo regilyèman.
1. Dapre definisyon Lwa Florida Statute s.1002.01(01) yon pwogram ansèyman adomisil - "home education program"- vledi enstriksyon pwogresif regilye, an sekans yon elèv resevwa epi fanmi li sipèvize. Sa va satisfè kondisyon eskolarizasyon ak regililarite selon lwa ss. 1002.41, 1003.01(13)(d) and 1003.21(1).
- E. Pou elèv ki anwole nan pwogram depatman jistis jivenil (Department of Juvenile Justice Programs), lwa ak regilasyon (F.S. s. 1003.52(6)) reji kesyon eskolarizasyon obligatwa.

## III. PRAN ABITYÈL ABSAN LEKOL

Lekòl la ka pwouve absans pandan aktivite enstriksyon pou elèv ki anreta, pou elèv ki siyen pou soti lekòl anvan lè nòminal ranvwa, oswa pou absans pandan tout yon jounen oswa yon pati nan jounen an. Distri a rekòmande elèv-yo vin lekòl chak jou.

- A. *Collaborative Problem-Solving Team*, ekip kolaboratif ka revwa abityèl absans lekòl pou ede idantifye estrateji ak/oswa entèvansyon nan bi amelyore pèfòmans akademik ak patisipasyon elèv. Yo ka idantifye abityèl absans baze sou youn oswa plis kritè sa yo:

1. Absanteyis kwonnik anvan (founi entévansyon okonmansman ane eskolè a)
  2. Absanteyis kwonnik nan ane eskolè a aktyèl la
  3. Absan abityèl, san pémisyon
  4. Absans eksestif poutèt maladi (eskize ak/oswa pa eskize). Lekòl la ka anrejistre 3 jou swivi oswa plis oubyen plis pase 8 jou ki pa swivi nan ane eskolè a
- B.** Sòf si fanmi prezante/soumèt dokimantasyon aseptab, absans akimile ki pa eskize chak jou, swa pou reta, oswa siyen pou soti anvan lekòl lage, si tout absans sa yo rive totalize 5 jou (30è) nan yon peryòd nèf semèn klas (marking period) oubyen 10 jou (60è) nan de peryòd nèf semèn klas sa sifi pou pwouve elèv la ap pran abitud absan (pattern of nonattendance).
- C.** Si elèv la montre lap pran abitud absan lekòl, direktè/tris lekòl kapab mande dokimantasyon pou tout absans ki vin apre (F.S. s. 1003.24(4)). Lekòl la ka pwouve elèv absan diran aktivite enstriksyon lè li antre nan rejis prezans, reta elèv, siyen pou soti anvan lekòl lage, oswa absans pandan tout yon jounen oswa yon pati nan jounen an.
- D.** "Habitual truant" – "Absan abityèl" vledi yon elèv ki gen 15 absans ki pa eskize nan yon tan 90 jou, fanmi li okouran oswa pa okouran, oswa fanmi te bay konsantman pou jistifye absans yo, elèv sila dwe eskolarize anba lwa F.S. ss. 1003.21(1) ak (2)(a), epi li pa egzante dapre lwa F.S. s.1003.21(3) oswa s.1003.24, oubyen li satisfè kritè pou nenpòt lòt egzansyon lalwa oswa regilasyon State Board of Education apwouve. Si elèv la resevwa tout sèvis espesifye nan ss. 1003.26 ak 1003.27(3), men remedyasyon pa pote solisyon a pwoblèm absans abityèl timoun nan bezwen sèvis konfòmeman ak pwovizyon chapit 984 (F.S. s. 1003.01(8)).
- E.** Home Education Program (Pwogram Ansèyman Adomisil): Pou ansèyman adomisil gade ki kondisyon ki adopte konsènan prezans nan klas nan [Board Policy 6000.1](#) ak F.S. ss. 1002.41, 1003.01(13)(d) ak 1003.21.

## IV. ABSANS

### A. Rapòte Absans

Paran dwe rapòte absans la nan de (2) jou lekòl apre pitit li pat vin lekòl.

Paran ka jwenn opsyon pou rapòte tout absans sou sit entènèt chak lekòl. Sou sit entènèt lekòl la, anba CONTACT, seleksyone "Report an Absence" (Rapòte yon Absans) kote paran ka chwazi ki metòd li prefere pou rapòte absans:

- a) Fòm anliy (Online Form): Soumèt yon fòm sou sit entènèt lekòl la, ki va gen yon imel konfimasyon ki enkli dat ak akilè ou te soumèt fòm la
- b) Mesajri vokal (kite yon mesaj sou liy telefòn ki dedye pou resevwa mesaj absans) - Voicemail (Attendance phone line)
- c) Paran an\* ekri yon nòt, remèt mesaj pou eskize absans la nan biwo/ofis lekòl la

Lè paran ap rapòte absans yon elèv, enfòmasyon sa nesèsè:

- a) Prenon ak Siyati elèv la
- b) Nimewo kat idantifikasyon elèv la (Student ID) oswa Dat nesans
- c) Klas elèv la ap fè (Grade)
- d) Dat absans la – dat absans yo
- e) Rezon pou absans la
- f) Prenon ak siyati elèv la
- g) Enfòmasyon pou lekòl la ka kontakte paran - Parent Contact information

\* Nenpòt kote yo itilize mo paran/fanmi li fè referans ak manman oswa papa oswa toulede, oswa responsab/gadyen yon elèv, oswa nenpòt moun ki gen otorite sipèvize elèv la nan plas paran li (F.S. s. 1000.21(5)).

## B. ABSANS KI ESKIZE

Elèv-yo dwe prezan lekòl sòf si absans la otorize oswa eskize pou youn nan rezon ki enimerere sou lis anba a (F.S. ss. 1003.24(4), 1003.26).

1. Maladi elèv la, maladi ki ka anrapò ak sante fizik oswa sante mantal elèv la.

Sante fizik ak sante mante pitit li se youn nan rezon paran va konsidere pou detèmine si li ka gade pitit li lakay li epi pa voye pitit li lekòl.

**Sante Fizik (lekòl):** Lekòl Piblik Broward County (BCPS) rekonmande ou gade pitit ou lakay ou si timoun la gen:

- a. Lafyév 100.4 degre F oswa pi wo,
- b. Malgòj, touse, frison ak/oswa doulé, kò fè mal
- c. Bouton (rashes), pi koulè jòn k'ap soti nan je-li, flèm, glè vèt-jòn lè pitit ou touse oswa gripe, vomi, oswa gen dyare.

**Sante Mantal:** BCPS konsidere sante mantal enpòtan pou byennèt ak sante yon elèv. Patisipasyon ak siksè yon elèv nan aktivite lekòl ka afekte seryèzman si elèv la pa nan yon eta byennèt, sosyal/emosyonnel (egzanp elèv-la gen estrès ak anksyete anpil, depresyon, lapenn/dèy).

**NOT DOKTÈ AK SETIFIKA MEDIKAL:** Si yon elèv malad touttan ak/oswa absan ase souvan lekòl, elèv la dwe anba sipèvizyon yon pwofesyonnel lasante, oswa si absans la anrapò ak twoub otis, yon pwofesyonnel lasante oswa yon analis konpòtman ki gen lisans dwe founi sèvis ki nesèsè pou elèv la konfòmman ak lwa F.S. s. 393.17, anplwaye ki responsab rejis prezans va make elèv la gen absans eskize (F.S. s. 1003.24(4)).

2. Maladi yon manm pwòch nan fanmi elèv la.
3. Lanmò nan fanmi an.
4. Jou konje pou fèt relijye dapre relijyon elèv la.
5. Yon manda konparisyon devan tribinal oswa sitasyon.
6. Evènman espesyal. Egzanp, evènman ak okazyon espesyal enkli seremoni piblik enpòtan, aktivite anrichisman edikasyonnel, konferans, konpetisyon leta/nasyonnal, tou/vizit kanpis kolèj ak inivèsite, ak lè gen ijans nan fanmi an. Direktè/tris lekòl la, oswa reprezantan direktè/tris dwe apwouve tout evènman spesyal anvan absans la. Nan ka apwouve absans la pap posib, direktè/direktris lekòl ka eskize absans la.
7. Elèv la prale nan randevou doktè oswa dantis, ki pwograme.  
Randevou yo ka se "randevou pou resevwa terapi ke pwofesyonnel lasante oswa analis konpòtman ki gen lisans pou founi tretman pou elèv ki gen otis konfòmman ak F.S. s. 393.17, enkli men pa limite ak, analiz konpòtman aplike, terapi langaj ak pale, epi terapi okipasyon" (F.S. s. 1003.21(2)(b)(2)).
8. Elèv ki gen, osnon yo sispèk gen yon maladi atrapan, oswa ki enfekte, epi yo ka pwopaje maladi a, yo va anpeche elèv sa yo vin lekòl epi elèv sila pa ka vin lekòl touotan yo pa trete oswa yo pa prezante yon danje pou lezòt ankò (F.S. s. 1003.22). Ekzanp maladi kontajye ak maladi atrapan, men se pa yo sèlman, pou nan tèt, pyas, bouton ki fè pi, demanjezon /gratèl, ak enpetigo. Yo pèmèt elèv-yo gen yon maksimòm senk jou absans ki eskize chak fwa yo atrape maladi kontajye pou nan tèt (head lice).

**NOTE:** Yo pa konsidere elèv ki patisipe nan sòti òganize, eskisyon (field trips), absan.

## C. ABSANS KI PA ESKIZE

Tout absans ki pa eskize jan sa defini nan seksyon anvan an, yo konsidere kòm absans ki pa eskize.

1. Egzanp absans ki pa eskize enkli, men pa limite ak:
  - a) Pa kominike rezon absans la (absans yo)
  - b) Fanmi vwayaje ansanm regleman sa pat prevwa yon rezon pou eskize absans la
  - c) Vakans
  - d) Yo va anrejistre absans eksepsyon poutèt maladi kòm absans ki pa eskize si paran pa soumèt fòm verifikasyon; yon doktè dwe esplike rezon medikal jistifye absans yo.
  - e) Reveye ta lematen
  - f) Rate bis lekòl, pa monte nan bis la (selon orè ki pwograme)
2. Elèv ki pa prezante yon sètifika vaksen (Certificate of Immunization) ki montre li pran tout vaksen nan dat li te dwe pran yo, yo pap otorize li ale nan klas touotan li pa founi dokiman sa oswa pwouve li gen yon dispans. Absans poutèt elèv pa konfòme l ak kondisyon ekzijib pou vaksen konsidere kòm absans ki pa eskize (F.S. s. 1003.22(1)).
3. Pou elèv k'ap enskri oswa transfere nan Broward County pou premye fwa, elèv ki nan kay akèy (foster care), oswa elèv san lojman (homeless students), yo dwe akòde yon egzansyon tanporè 30-jou pou elèv sa soumèt dokiman sante ak sètifika vaksen (F.S. s. 1003.22(5)(e)). Ka gen lòt sitiyasyon ki posib.

## D. SISPANSYON

1. "Sispansyon nan-lekòl" vledi retire pwovizwaman elèv nan pwogram regilye lekòl yo epi plasman nan yon pwogram altènativ nan lekòl yo, anba sipèvizyon estaf konsèy Distri a, pou yon peryòd tan ki pa depase 10 jou lekòl (F.S. s. 1003.01(5)(b)).  
Yon elèv ki ale nan sispansyon nan-lekòl, lekòl la va make li prezan sou rejis prezans toulejou. Anplwaye anchaj kesyon prezans va antre kòd apwopriye pou sispansyon nan-lekòl epi iyore rapò prezans pwofesè a fè.
2. "Sispansyon andeyò-lekòl" vledi retire pwovizwaman yon elèv nan enstriksyon ki ofri nan tout klas nan lekòl piblik ak nan tout aktivite sou patwonaj lekòl, esepite nan aktivite direktè/tris lekòl oswa reprezantan li otorize, sispansyon an va fèt pou yon peryòd tan ki pa depase 10 jou lekòl epi elèv la tounen lakay li sou siveyans paran li avèk devwa espesifik elèv la dwe konplete (F.S. s. 1003.01(5)(a)).  
Yo pap make elèv la prezan sou rejis prezans toulejou si elèv la dwe ale an sispansyon andeyò-lekòl. Yo va anrejistre elèv la kòm yon elèv ki ale an-sispansyon, sa va konte kòm absans poutèt sispansyon. Tip absans sa pa konte kòm absans ki pa eskize. Distenksyon ant yon absans poutèt sispansyon ak yon absans ki pa eskize diminye pwoblèm sanksyon doub ki asosye lè elèv-yo pa vin regilyèman lekòl selon egzjans lalwa (egzanp privilèj kondwi ak Learnfare).
3. "Altènativ ki ranplase Sispansyon Ekstèn" vledi altènativ ki ranplase pwogram sispansyon ekstèn [alternative to external suspension program (AES)]. Pwogram sa disponib pou tout elèv ki dwe ale nan sispansyon ekstèn. Si elèv-yo pa al swiv pwogram la nan jou ki deziye, yap konsidere absans yo kom sispansyon. Pou elèv andikape (SWD), si yo ofri FAPE (Edikasyon Piblik Gratis e Apwopriye) epi elèv la pa ale ditou nan pwogram la, yo va make elèv la absan dapre direktiv ak regleman sa sou prezans.

**NOTE:** Pou devwa ratrapaj, konsilte regleman 60001: Plan Pwogresyon Elèv, [Policy 6000.1: Student Progression Plan](#).

## E. RETA

Yo konsidere yon elèv anreta lè li pa nan saldeklas alé klas la dwe konmanse.

1. Si fanmi vle eskize yon reta li dwe swiv menm pwosesis li swiv pou eskize yon absans.
2. Pou elèv ki gen reta eksepsyon, lekòl la konsidere chak ka pou detèmine si elèv la ap pran abityèl anreta. Lekòl la ka pwouve elèv absan diran aktivite enstriksyon lè li antre nan rejis prezans reta elèv, siyen pou soti lekòl anvan lè nòminal ranvwa, oswa absans pandan yon jounen oswa yon pati nan jounen an.
3. Nan nenpòt klas si elèv la rive anreta epi li pa soumèt yon nòt pou esplike rezon reta a, se yon reta ki pa eskize.
4. Definisyon reta abityèl se lè yon elèv anreta 5 fwa nan yon peryòd tan nèf semèn klas.
5. Direktè/tris lekòl gen diskresyon eskize yon reta selon sikonstans spesyal.
6. Sòf si yo eskize reta dapre dispozisyon regleman an, lekòl la va anrejistre tout reta akimile kòm reta ki pa eskize (F.S. s. 1003.02(1)(b)).

## F. SIYEN POU SOTI LEKOL ANVAN LE NOMAL RANVWA - EARLY SIGN-OUTS

1. Lekòl la pa dwe kite yon elèv soti lekòl la pandan dènye 30 minit ki rete pou jounen lekòl la fini sòf si direktè a/anplwaye ki deziye detèmine gen yon emèjensi, ka ijans.
2. Chak lekòl va tabli pwosedi pou lè lekòl lage bonè epi ki garanti yo trete tout elèv menm jan.
3. Pou elèv ki siyen souvan anvan lè nòminal ranvwa, yo va konsidere chak ka pou detèmine si elèv-la ap pran abityèl absan. Lekòl la ka pwouve elèv absan diran aktivite enstriksyon lè li antre nan rejis prezans reta elèv, siyen pou soti lekòl anvan lè nòminal ranvwa, oswa absans pandan yon jounen oswa yon pati nan jounen an.
4. Anba dispozisyon regleman sa, absans ki pa eskize, siyen anpil fwa pou soti anvan lè nòminal ranvwa, lekòl la va anrejistre yo kòm absans ki pa eskize (F.S. s. 1003.02(1)(b)).

## V. DWA AK RESPONSABILITE ELÈV

### 1. REGLEMAN:

- a. Elèv-yo, dapre laj yo, responsab mande paran-yo avèti lekòl la lè yap absan.
- b. Elèv ki resevwa kòm sanksyon sispansyon entèn andedan lekòl la, dwe kanmenm ajou ak devwa klas li epi renmèt devwa li chak jou.
- c. Elèv ki marye, epi ki se manman oswa papa, oswa ki gen lespwa vin paran andwa rete swiv pwogram regilye lekòl yo oswa swiv yon pwogram adapte a bezwen espesifik yo nan yon Sant spesyal.

**Note:** Pou plis enfòmasyon sou dwa ak responsab elèv, gade nan liv [Code of Student Conduct, Policy 5.8](#), epi seksyon nan regleman sa Privilèj Kondwi ak Prezans lekòl.

## VI. DWA AK RESPONSABILITE PARAN

1. Yo dwe enfòmè fanmi sou responsab li nan kesyon prezans pitit li lekòl epitou enfòmè yo sou konsekans ki ka rive nan ka absans eksepsyon (truancy). Toulede fanmi ak elèv ka sibi konsekans jan sa dekri nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv.
2. Manman/Papa yon timoun ki gen laj obligatwa pou ale lekòl responsab pou pitit li ale lekòl toulejou, dapre egzijans lwa (F.S. s. 1003.24).
3. Paran dwe rapòte rezon ki fè pitit li absan lekòl (swa telefone lekòl la, ekri yon nòt, oswa ranpli yon fòm sou sitweb lekòl-la). Si lekòl la mande, paran dwe soumèt dokimantasyon maladi. Doktè oswa yon klinik sante piblik kapab ba-li sètifika medikal la.



4. Fanmi andwa mande yon chitatannde (hearing) si li vle refize patisipe nan entèvansyon *child study team* ( ekip pwofesyonèl k'ap etidye timoun) devlope paske fanmi an kwé entèvansyon yo pa nesèsé oswa pa apwopriye. (F.S. s. 1003.26(1)(e)).
5. Fanmi yon elèv ki prevwa elèv la kapab absan lekòl pandan omwens 15 jou swivi poutèt maladi fizik oswa sikatrik (yon doktè dyagnostike maladi a epi founi yon sètifika medikal), oubyen elèv la ka absan poutèt maladi kwonnik pandan omwens 15 jou lekòl, maladi a ka devlope toutolan ane eskolè a, epi gen posibilite elèv la ka resevwa enstriksyon lakay li. Fanmi dwe notifiye lekòl la epi mande yon kopi pakè ransèyman ak fòm pou pwogram ansèyman adomisil (Hospital Homebound Services referral packets).
6. Paran andwa konnen si pitit li absan lekòl; lekòl la dwe notifiye fanmi lè pitit li absan lekòl oswa nan klas menmsi paran an pat avèti lekòl la pitit li tap absan (F.S. s. 1003.26(1)(a)).
7. Se responsabilite fanmi pou avèti responsab enskripsyon nan lekòl la (registrar) lè kontak enfòmasyon li chanje tankou nimewo telefòn. Si fanmi pa respekte regleman sa lekòl la ka blije kontakte otorite ki konpetan.
8. Lwa Florid sipòte patisipasyon aktif fanmi\* annatandan elèv la diplome lekòl (F.S. ss. 743.07, 1003.26, 1003.21). Nou sipoze ke elèv yo se elèv depandan (selon definisyon FERPA 34 C.F.R. s.99.31(a)(8) ak Kòd Internal Revenue Code s. 152). Lekòl la va notifiye paran lè yon elèv rive laj majorite (18 ane), paran va kontinye egzèse responsabilite li vizavi elèv sa, ki konsidere kòm depandan li. Annatandan elèv la diplome, responsabilite paran enkli -men pa limite ak - esplike rezon absans oswa reta, bay otorizasyon pou mande elèv la soti pi bonè lekòl, bay pèmasyon pou eskisyon, ak lòt aktivite, si nesèsé, enskri elèv la lekòl oswa tèmine anwolman li (retire elèv la lekòl), esepite anba sikonstans sa yo:

(1) Elèv la te soumèt dokimantasyon espesifik e aseptab (tankou kontra lwaye, liz-lease, etc) pou montre li endepandan epi sipozisyon li se yon elèv depandan pa aplike nan sityasyon li.

(2) Elèv la vin emansipe selon dispozisyon lwa Leta Florid (F.S. ss. 1003.21(1)(c), 743.07).

(3) Elèv la pa gen fanmi epi direksyon lekòl la verifiye reyalyte sityasyon elèv la (nan kominikasyon avèk fanmi li, avèk pwogram edikasyon pou elèv san lojman - Homeless Education Program-, oubyen avèk depatman timoun ak fanmi nan Florid, *Florida Department of Children and Families*, lè sa nesèsé).

\* Definisyon mo paran/fanmi enkli swa yon paran oswa toude paran yon elèv, responsab (gadyen) yon elèv, nenpòt moun ki gen otorite sipèvize elèv la nan plas fanmi li (F.S. s. 1000.21(5)).

## VII. RESPONSABILITE LEKOL/DISTRI

### 1. KENBE DOSYE EPI ENPLIMANTE ENTEVANSYON

- a. Direktè/tris chak lekòl dwe pran desizyon ki nesèsé pou asire tout rapò sou prezans ak absans lekòl egzakt epi prepare atan epitou direktè/direktris lekòl la dwe ofri manb estaf lekòl la opòtinite patisipe nan trening ki va ede-yo prepare avèk ekzaktitid rapò prezans elèv nan lekòl (F.S. s. 1003.23(1)). Yo ekzije chak direktès/tris lekòl kenbe pou chak elèv ki anwole nan lekòl la dosye ki montre lè elèv la absan oswa prezan chak jou nan ane eskolè a. (F.S. s. 1003.23(2)).
- b. Lekòl la va kontakte atan fanmi elèv la chak fwa gen yon absans ki pa eskize (F.S. s. 1003.26(1)(a)).
- c. Si yon elèv akimile senk jou absans (30è) nan yon peryòd tan nèf semèn klas oswa 10 jou (60è) nan de peryòd nèf semèn klas, direktè/tris/reprezantan ki deziye va detèmine si elèv la ap pran abitud absan. Si pa gen dokimantasyon aseptab, direktè/tris/reprezantan ki deziye dwe refere ka elèv-la bay ekip kolaboratif ki rezoud pwoblèm (Collaborative Problem-Solving Team) pou yo ka detèmine bonè si gen tandans absans abityèl san pèmasyon (truancy) epitou founi entèvansyon apwopriye. (F.S. s. 1003.26(1)(b)).

- d. Direktè/tris/anplwaye ki deziye va bay fanmi elèv la pakè ransèyman ak kopi aplikasyon epi fòm pou ansèyman nan lopital (Hospital Homebound Services referral packets) si timoun lan va absan lekòl omwens 15 jou lekòl swivi poutèt yon maladi fizik oswa sikatrik. Se doktè k'ap trete elèv la ki dwe sètifye nan yon deklarasyon ke elèv la va absan. Komite IEP va detèmine plasman elèv la dapre bezwen medikal elèv la.
- e. Si paran oswa responsab yon timoun yo idantifye k'ap pran abitid absan lekòl anwole timoun lan nan pwogram ansèyman adomisil, paran oswa responsab va blije patisipe nan reyinyon komite ki va egzamine dosye a, dapre egzijans lwa (F.S. s. 1003.26(1)(f)1).
- f. Pwofesè dwe rapòte san pèdi tan prezans elèv chak jou lekòl. Si pwogram nòt/prezans sou entènèt pa disponib oswa pa fonksyone byen, pwofesè yo va anrejistre prezans kan yon opòtinite prezante.

## 2. PRIVILÈJ KONDWI AK PREZANS LEKOL

Lwa Florid *Florida Statute* s. 322.091 ak s. 1003.27(2)(b) ekzije distri eskolè yo voye yon rapò bay depatman sikilasyon, *Division of Highway Safety and Motor Vehicles* (DHSMV) pou kominike non, dat, sèks, ak nimewo kat sosyal sekirite tout elèv ki gen ant katòzan ak dizwitan (14–18 ane) e ki akimile 15 absans ki pa eskize nan nenpòt peryòd tan 90 jou. Yo ekzije Distri yo pwograme odyans (hardship hearings). Tout elèv yo retire lisans yo (pèmi kondwi) andwa mande yon odyans pou espliche difikilte sityasyon yo. *Board*-la otorize Sipèentandan an devlope pwosedi administratif pou enplimante lejislasyon an.

- a. Direktè/tris lekòl/anplwaye ki deziye va prezide odyans *hardship hearing* nan 30 jou kalendriye apre li resevwa demann la annakò ak pwosedi Sipèentandan an etabli.
- b. Elijibilite elèv. Yo kapab retabli lisans yon elèv, reba li privilèj kondwi li si elèv la vin regilyèman lekòl pandan 30 jou swivi (elèv la akimile 30 jou li prezan lekòl).

## 3. KONSEKANS POU TWOP ABSANS LEKOL SAN PEMISYON (TRUANCY)

- a. Yon timoun yo jwenn ki absan lekòl san pèmisyon (truant) yo kapab mennen li nan Sant evalyasyon jivenil (Juvenile Assessment Center) oswa nan tout lòt lokal distri eskolè a louvri pou resevwa elèv ki absan lekòl. Se responsabilite lapolis pou telefone lekòl la epi detèmine si timoun la gen rezon valab pou jistifye absans li nan lekòl la.
- b. *Division of Highway Safety and Motor Vehicles* (Depatman Sikilasyon) ap retire tout lisans (pèmi kondwi) elèv ant katwòzan ak dizwitan (14-18 ane) ki gen 15 absans ki pa eskize nan yon tan 90 jou oswa depatman an pap bay elèv sila yon lisans si yo aplike pou youn.
- c. Si yon timoun dwe ale lekòl selon règ sou prezans obligatwa lekòl epi li pa konfòme li malgre tout efò ak entèkansyon yo fè pou timoun lan vin lekòl epi Sipèentandan an pran desizyon pou li pa depoze yon pètisyon (truancy petition) oswa si timoun lan pa konplete avèk siksè pinisyon/sanksyon Tribinal la òdonnen, yo va refere ka elèv la bay yon komite (Case Staffing Committee) konfòmman ak lwa F.S. s. 984.12. Komite a ka depoze pètisyon pou timoun ki bezwen sèvis (F.S. s. 1003.27(3)).
- d. Si paran an refize patisipe nan entèkansyon pou korije pwoblèm absans san pèmisyon pitit li (truancy) epi li deside egzèse dwa li pou konteste desizyon (fè apèl) devan School Board paske li kwè entèkansyon yo pa nesèse oswa apwopriye, distri eskolè a ap nonmen yon *hearing officer* ki va fè yon rekonmandasyon pou yon aksyon definitif devan *Board*-la (konmisyon eskolè). Si *Board*-la detèmine entèkansyon yo apwopriye epi fanmi an kontinye refize patisipe oswa kowopere, Sipèentandan an/reprezantan li kapab voye ka a nan tribinal pou pouswit kriminel epi bay kòm rezon fanmi an pa konfòme li ak règ prezans obligatwa. (F.S. s. 1003.26(1)(e)).
- e. Elèv ki absan abityèl (truant) kapab pèdi lajan asistans tanporè pou fanmi ki nan nesèsite [Temporary Assistance for Needy Families (TANF)] yo resevwa grasa pwogram Learnfare Program. Yap bay lajan sibvansyon an sèlman lè tout kondisyon lalwa satisfè (vledi pandan 30 jou elèv la dwe prezan regilyèman lekòl; li pa gen okenn absans ki eskize).



- f. Lè yon elèv transfere nan yon lòt distri eskolè kòm yon mwayen pou kontoune pwosedi entèvansyon remedyasyon pwoblèm absans li lekòl, ajans ak lekòl ki konsène dwe voye bay nouvo distri eskolè a kopi tout dosye pwosedi ki mansyone anwo a. Frè ak kopi yo gratis. (F.S. s. 1003.28).

## **VIII. ANSÈYMAN ADISTANS POUTÈT FÈMTI LEKOL NAN SIKONSTANS IJAN**

**I. PREZANS (ATTENDANCE):** Nan peryod tan kote bildin lekòl yo dwe rete fèmen poutèt kondisyon anviwonmantal ki anrapo ak/oswa sante epi sekirite piblik, yo ka ekzije lekòl yo fonksyone grasa ansèyman ak aprantisaj adistans (distance learning). Ou va jwenn anba a règ ak regleman ki anvigè pou anrejistre prezans elèv diran ansèyman adistans.

### **A. Kouman yo anrejistre prezans elèv pandan ansèyman adistans:**

1. Pwofesè yo va anrejistre prezans elèv sou rejis prezans anliy. Pwofesè va fè apèl epi make elèv la prezan nan saldeklas dijital la.
2. Pandan ansèyman adistans, elèv yo dwe aktive (enable) kamera ki sou konpitè yo. Lè elèv yo aktive kamera a yo ka swiv enstriksyon nan klas epi pwofesè va anrejistre prezans yo. Pwofesè va konte tout elèv ki prezan nan saldeklas diran tan klas ki pwograme. Pwofesè yo dwe montre yo fleksib epi konsidere tout sikonstans espesyal ki fè yon elèv pa ka aktive/limen kamera konpitè a. Pwofesè yo dwe konsidere chak ka elèv pou pwouve prezans elèv la diran klas la.
3. **Yo va konte elèv la absan** lè diran tan klas ki pwograme pwofesè a pa jwenn oken prèv elèv la te prezan epi te konekte sou entènèt pou swiv klas la.

### **B. Eskize yon absans:**

1. **Responsabilite Paran:** Grasa notifikasyon otomatik, lekòl la va notifiye paran nan de jou (swa 48è) tout absans ki rapòte. Se responsabilite paran pou li esplike rezon absans la swa nan telefòn oswa ranpli fòm ki disponib sou sitweb lekòl la oswa sou aplikasyon mobil, BCPS Mobile App.
2. **Responsabilite Lekòl:** Direktè/tris lekòl la deziye yon anplwaye ki jere rejis prezans li responsab kontwole epi mete ajou tout absans ki eskize e ki rapòte. Anplwaye a jwenn enfòmasyon sou absans elèv sou liy telefòn lekòl la ki dedye pou sa oswa sou fòm an liy ke paran an ranpli epi soumèt sou sitweb lekòl la.

### **C. Absans ki eskize poutèt maladi ki transmisib/kontajye:**

Elèv k'ap patisipe nan nenpòt model ansèyman (100% fasafas, 100% eLearning, oswa model ibrid) si elèv la gen, oswa yo sispèk li gen yon maladi kontajye elèv la pa dwe prezan nan lekòl la an-pèsonn e li dwe tounen lekòl lè li pa prezante yon danje pou sante ak sekirite piblik (F.S. s. 1003.22). Elèv yo sispekte ki gen yon maladi kontajye oswa an karantèn paske se posib li espoze a yon maladi ki transmisib men li poko gen sentòm maladi a ki anpeche patisipasyon li nan klas la nou ankouraje li patisipe pito nan eLearning si sa pi bon pou sante li. Paran elèv ki pa ka konekte anliy oswa ale nan lekòl la an-pèsonn poutèt li gen, oswa yo sispèk li gen yon maladi kontajye, dwe avèti lekòl la epi esplike rezon absans elèv la. Absans la eskize. Yo ankouraje elèv ak fanmi yo pran anpil prekosyon ak maladi transmisib epi swiv tout direktiv otorite sante lokal ak Sant Kontwòl Maladi (CDC) pibliye pou pwoteje sante manb fanmi yo ak kominote lekòl la.

### **D. Sipleyan (Substitute Teacher):**

Lè yon pwofesè pa disponib pou akonpli tach li, direktè/tris lekòl la (reprizantan li) va deziye yon manb estaf pou asire kontinite ansèyman pou chak jou pwofesè klas la pap disponib; yon responsabilite sipleyan an se antre sou yon lis non elèv ki prezan nan klas la.

Otorite Legal: 1001.41(1) & (2), 1001.42, 1001.51(24) Fla. Stat.

Aplikasyon Lalwa: 1002.20(2), 1003.01(5), 1003.02(1)(g), 1003.21, 1003.22, 1003.23, 1003.24, 1003.25, 1003.26, 1003.27, 1003.28, 1003.29, 1003.31, 1003.32, 1006.08 Fla. Stat.

Istwa:

Adopte: 09/02/99

Amanman: 11/14/00, 04/18/06, 07/24/07, 08/05/08, 04/21/09, 8/20/13, 6/23/2015, 6/21/16, 7/21/2020, 11/17/2020